RAGAD ADVERTENTIE:
**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA
## SERAT KABAR KATHOLIEK
**Medal saben dinten Djoemoewah.**

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA
1 taoen . . . f 6,—
1/2 „ . . . f 3,— } njoewoen kabajar roemijin.
3 woelan . . f 1,50

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

# PRADJA RAHAJOE.
## HEERENDIENST.
### Protestvergadering P. S. I. I. Ngajogjakarta.

*Sambetipoen Sw. T. No. 20.*

Pangarsa mewahi katrangan heerendienst sadjawining tanah Djawi. Heerendienst ing ngrikoe sami kalijan réntjang toembasan djaman kina. Manawi boten saged dateng, amargi sakit kedah nedahaken sèrtipikat dokter. Botenipoen makaten kedah ngépahaken f 1,50 sadinten. Jèn meksanipoen boten dateng kedah mbajar denda. Arta dendan waoe dados gadahanipoen *kepala negeri:* ingkang mekaten waoe saged noewoehaken lekas sawenang-wenang, oep. ngleresi boten gadah arta, kepala negari waoe ladjeng ndendani mrika-mriki. Kapratélakaken oegi bilih Memorie Heerendienst kedah sampoen kapertal ing basa Inggris, Fransch lan Duitsch, perloenipoen sageda ngelèkaken mripatipoen tetijang Éropah soemerep heerendienst ing ngriki. H.A. Salim katjarijosaken saged ambekta potrèt-potrètipoen tijang ingkang ngleresi nggarap heerendienst. Ing potrèt waoe katingal oegi wonten gambaripoen laré kirang saking 15 th.

Toentoenaning parepatan kapasrahaken sadèrèk Samsoemiridjal. Sadèrèk *Drijawangsa* anggantjaraken sipating kerdja paksa ing tanah Djawi ingkang awoedjoed patrol tètèk, andandosi margi lss. Prakawis patrol, tètèk, katjarijosaken namoeng damel sangsaranipoen kawoela. Manawi boten dateng dipoenrolaken mangka djaman kinanipoen awrat-awratipoen namoeng kabaékot kantja ing doesoen ngrikoe. Toer sanadyan ing gerdoe dipoenroendani, dipoenpatroli, ing doesoen waoe meksa boten sepen kadoerdjanan. Malah kerep kémawon tijang késah patrol, grijanipoen dipoenpandoengi. Margi makaten waoe pamedar sabda boten pitados bilih patrol tètèk poenika kanggé ndjagi kadoerdjanan.

Tijang doesoen kapoerih ndandosi kalèn², mangka kéngingipoen mendet toja namoeng ing wantji daloe, (manawi sijang kanggé pabrik) poenika kawastanan boten adil, damel sangsaraning kawoela, awit wantjinipoen ngaso kapeksa ngilèkaken toja. Tijang doesoen kapoerih dandos-dandos margi, kreteg, poenika inggih ngewrat-ewrati awit ingkang katah ingkang nganggé margi waoe limrahipoen tjikar-tjikar onderneming: dados énggal risakipoen ngantos tetijang ngrikoe pendak tigang woelan kapeksa ndandosi. Prakawis ndandosi kreteg (oewod) poenika kerep kémawon tijang alit kapitoenèn, awit kapoerih marnèkaken barang-barang badé, ingkang kanggé ndandosi. Ing mangka saben doesoen gadah kas-doesoen.

Ing tanah Goepermèn, tijang ngoeli wonten irrigatie pikantoek épahan. Nanging ing tanah Kedjawèn, tijang ndandosi kalèn-Waterschap boten pikantoek, poenika kawastanan boten adil. Mangka, tijang-tijang waoe kéngingipoen mendet toja kanggé sabinipoenipoen namoeng ing wantji daloe, jèn sijang kanggé nglemokaken rosan.

Sataoen-taoenipoen kanggé preloening patrol, lss. waoe, kawoela kapeksa njamboet damel tanpa épahan 116 dinten. Ingkang makaten waoe mlarataken kawoela. Oepami njamboeta damel sadinten berahan f 0,50, lan tijang ingkang kénging patrol sasaminipoen waoe 30 mlijoen, sataoen-taoenipoen angsal 1740 mlijoen. Dados kapitoenènipoen Indonesijah margi kénging aradan hèrendines sataoenipoen 1740 miijoen, mangka sampoen pinten taoen wontening hèrendines waoe. Poenika dèrèng kapétang kalijan arta dendan barang. Prakawis poenika dados golonganing sababipoen kawoela Indonesijah mlarat-mlarat.

Dados hèrendines kadjawi namoeng boten ndjamani, inggih damel pitoenanipoen tijang-tijang alit.

Bakda poenika katah sadèrèk-sadèrèk ingkang oeroen rembag.

Sad. *Lotain* (moeda Soematrah) njarijosaken kasangsaraning kawoela Soematrah margi heerendienst.

Sadèdèk *Resa*, naté métang pandamelan-pandamelan paksan ingkang kedah linampahan tetijang padoesoenan wonten 52 warni, ingkang 20 warni babagan toja (margi), ingkang 32 warni babagan tentreming doesoen.

*H. Sirat* (tijang ndoesoen Tèmpèl) njarijosaken kawontenaning kerdja paksa ing padoesoenan.

Sad. *Hèrman* (moeda asli Bornéo), bilih ing ngrika wonten pranatan *oeang lampoe, oeang djalan*, lan *oeang dajoeng*. Poenggawaning Goepermèn manawi kliling dateng papan-papan ingkang kedah linampahan kalijan baita, kénging neda baita sakoelinipoen dateng tijang alit (tanpa épahan). Manawi boten poeroen mesti ngadep landgerecht mbajar dendan oeang dajoeng.

Sad. *Zakaria* (moeda Sélébes) nerangaken bilih ing Celebes sadaja laré djaler oemoer gangsal welas minggah kakéngingaken heerendienst. Ingkang makaten waoe mesti kémawon damel moendoering pasinaon. Manawi tijang sepoeh ngangkah soepados sakolahipoen anak boten konggrèh-konggrèh déning heerendienst, kedah mbajar paos f 18.

Sasampoenipoen sd. Soejaka nerangaken kasangsaran kerdja paksa ing Wanagiri, lan sad. Martadiredja (wakil P. P. P. H.) mratélakaken bilih heerendienst pantjèn kedah kasirnakaken, . . . . . . parepatan damel *Resolustie* oengelipoen kados ing ngandap poenika:

„Persidangan koempoelan Ra'jat ramai jang diadakan oleh Partij Sarekat Islam Indonesia di Mataram pada hari Ahad tanggal 4 Mei 1930.

Telah mendengarkan oeraian tentang kerdja paksaan heerendienst, jang masih berlakoe di beberapa daerah di djadjahan Seberang dan di beberapa tanah particulier di poelau Djawa, jang menoendjoekkan kehinaan dan kenistaan kerdja paksaan itoe.

Memoetoeskan bahwa keadaan kerdja paksaan heerendienst di Indonesia ini wadjib diichtiarkan terhapoeskannja dengan selekas-lekasnja dan dengan segala daja-oepaja jang dapat dilakoekan oleh Ra'jat Indonesia.

Membenarkan bahwa sebagai salah satoe ichtiar penolakan itoe haroeslah Loedjnah Tanfidzijjah Partij Sarekat Islam Indonesia mengirimkan Memorie Anti-Heerendienst, tarich Djokjakarta, April 1930, jang telah dibatjakan dalam persidangan ini, kepada segala oetoesan dalam Conferentie Internationaal atas Perboeroehan di Genève dengan permintaan kepada golongan pihak pekerdja 'oemoemnja dan choesoesnja kepada oetoesan 'pihak pekerdja Nederland akan mengemoekakan memorie itoe dalam Conferentie itoe, dan organisatie jang lain-lain jang ditimbang patoet oleh Loedjnah Tanfidzijjah jang terseboet itoe, dengan disertai keterangan dan boekti-boekti seberapa dapat bagi mengoeatkan memorie itoe.

Mengadjak sekalian Ra'jat Indonesia akan sama-sama memikirkan, mementingkan, dan menjokong segala daja-oepaja jang teratoer akan mengenjahkan keadaan heerendienst itoe.

Mataram, 4 Mei 1930.
Pemimpin-pemimpin persidangan ramai jang terseboet diatas.

Djam 12 parepatan katoetoep.

## NÉTRA MOELAT.

Menawi boten klintoe, babasan a. djawi wonten ingkang moengel: „Oendaking pawarta soedaning titipan." Ing riki koela boten badé ngandaraken poenapa menggah teges lan kadjenging paribasan waoe; sebab ratjakipoen sadèrèk Djawi sampoen sami mangertos. Ananging senaosa mekaten, tijang poenika samangsa mireng witjantening tijang sanès, langkoeng-langkoeng ginem ingkang njarijosaken bab ingkang mengiwa dojongipoen, sok ladjeng énggal-énggal dipoenpitados kémawon; boten mawi dipoentimbang-timbang ingkang leres roemijin, sarta ladjeng sami kesoepèn dateng paribasan kaseboet nginggil poenika; senaosa kabar waoe dèrèng temtoe menawi leres, sarta dèrèng kantenan bilih mila njata kados makaten. Kados boten kirang wonten kabar ingkang gèsèh sanget oetawi malah sering gèsèh babar pisan kalijan kawontenanipoen.

Ing boekoe „De Navolging van Christus" (Napak tilas Pada Dalem), boekoe 1 bab ingkang kaping 4, Thomas a Kempis ngendika:

„Men moet niet terstond ieder woord gelooven, noch iedere ingeving volgen, maar alles ernstig en rijpelijk voor God overwegen. Ach, helaas! men gelooft van een ander eerder het kwade dan het goede; zoo zwak zijn wij. Maar volmaakte mannen gelooven niet dadelijk alles wat verteld wordt, omdat zij de menschelijke zwakheid kennen, die tot het kwade geneigd is en zeer licht struikelt in woorden."—

Tjara Djawinipoen kirang langkoeng makaten:

„Wong ora kena ngandel marang sadéngah pitoetoer oetawa sadéngah krenteging ati, nanging koedoe ditimbang-timbang kanti weweka lan sarèh, apa ikoe dadi kersaning Allah.

Doeh kok noesahaké temen, déné akèh wong kang gampang pangandelé, menawa pepadané diala-ala tinimbang jèn dialem! Atining manoengsa pantjèn sèkèng banget.

Nanging wong kang sampoerna ora gampang ngandelé marang wadoeling sadéngah wong, sebab soemoeroep kasèkèngané manoengsa kang karem marang piala sarta kerep kesandoeng ing tetemboengané."

O, émanipoen déné kok teksih sekedik sanget tjatjahing tijang ingkang sami poeroen mangertos dateng kasèkènganing badanipoen pijambak. (Koela semanten oegi). Ratjakipoen tijang poenika menawi dipoentjrijosi awoning kantjanipoen, sami énggal sarta gampil pitadosipoen. Toer kabar poenika waoe dèrèng temtoeta menawi leres lan mila njata kados mekaten. Poenapa déné tijang jèn dipoentjrijosi bab awoning tijang sanès, nglengkara sanget jèn kabar waoe ladjeng dipoenanggé pijambak. Nanging sedaja ingkang klebet ing koepingipoen sok ladjeng teroes dipoenobrolaken dateng tijang² sanèsipoen. Sarta anggènipoen ngandaraken inggih ladjeng mawi dipoenboemboni sakedik-sakedik. (Émoeta dateng bebasan nginggil poenika). Kantja-kantja sanès samangsa mireng kabar ingkang awon waoe temtoe inggih énggal sarta gampil pitadosipoen; toewin inggih ladjeng gentos ngabaraken dateng tijang sanèsipoen malih, lan oegi mawi dipoenwewahwewahi sakedik engkas.

Ratjakipoen tijang menawi dipoentoetoeri prekawis ingkang saé, ingkang saged ngindakaken kaoetamèning badanipoen, sami boten poeroen nampèni oetawi ngraosaken. Katahkatahipoen pitoetoer waoe namoeng dipoenlebetaken ing koeping tengen, sarta teroes dipoenwedalaken malih medal koeping kiwa. Ananging jèn dipoentjarijosi bab ingkang awon-awon, oetawi menawi dipoenadjak njatoer awonipoen tijang sanès, wah, sami seneng. Koeping kekalih dipoenbikak sadaja, poenapa déné pikiranipoen „kerdja betoel." Hla, dados ingkang tjrita oetawi ingkang ngadjak njatoer poenika waoe ladjeng saja mantep. Sarta anggènipoen ngobrol ladjeng manoet sakadjengipoen pijambak; boten kétang mawi dipoenimbeti prakawis ingkang boten-boten, oegeripoen anggènipoen ngodjahaken waoe saged boeiend, lan malih saja saged damel senengipoen ingkang sami mirengaken. Sampoen kados mekaten sèkènging manoengsa. Tijang poenika toeking sèkèng; dojongipoen dateng piawon. Pramila inggih gampil lan énggal sanget pitadosipoen dateng samoekawis ingkang mila kirang saé.

Wewatekaning manoengsa ingkang kados mekaten poenika kados kok boten namoeng ing djaman sapoenika kémawon. Nanging sampoen wiwit djaman ingkang kapisan mila. Nalika soegengipoen Goesti Jésoes, tijang-tijang Jaoedi ingkang sami njipati pijambak soegengipoen Goesti, rak oegi sami mangertos ta dateng kaoetamèn Dalem. Katresnan Dalem dateng para moerid toewin tijang sanèsipoen tanpa wasana; sih Dalem tanpa oepami. Tijang² waoe kedahkedahipoen anggènipoen badé ngetingalaken atoer panoewoen dateng Goesti oetawi anggènipoen badé nimbangi katresnan dalem, ing dinten Ngahad ngadjengaken séda Dalem, Goesti sami dipoenarak, dipoenloehoer-loehoeraken, lan sami memoedji oegi: „Hosanna! Hosanna filio David!" Ananging sareng sami mireng saking mengsahipoen Goesti bilih pandjenenganipoen poenika satoenggiling tijang ingkang lepat sarta saklangkoeng awon, tijang-tijang waoe kok oegi ladjeng sami pitados kémawon dateng sadaja oedjaring para mengsah waoe. Poenapa déné inggih ladjeng sami toemoet sengit dateng Pandjenenganipoen. Malah tijang-tijang ingkang mentas memoedji „Hosanna! Hosanna!" waoe sareng soemerep menawi Goesti dipoentjepeng déning mengsahipoen ladjeng toemoet-toemoet njenjampah lan ngoewoeh-oewoeh soepados Goesti kasaliba „Crucifige! Crucifige eum!"

Noewoen! OOM EOS.

## KASOESASTRAN.

### KANGGÉ NGINDAKAKEN KAWROEH.
### (Bab basa Djawi).

Ing ngadjeng sampoen katerangaken, bilih basa Djawi poenika golonganipoen basa Indonésia, déné basa Indonésia golonganipoen basa Austronésia oetawi Malajoe-Polynésia.

Jèn badé madosi temboeng-temboeng poendi ingkang sadjatosipoen Indonésia, poendi ingkang boten, poenika gampilipoen madosi temboeng-temboeng ngamantja ingkang kanggé ing basa Indonésia. Makaten oegi manawi badé njoemerepi poendi ingkang Djawi loegoe, inggih madosana temboeng-temboengipoen ngamantja.

Basa ngamantja ingkang tjampoer kalijan basa Djawi poenika ingkang roemijin pijambak inggih poenika basa Sansekrita.

Saking pandoegi koela basa Sansekrita poenika nalika loemebet ing tanah Djawi taksih gesang, tegesipoen taksih dipoenanggé witjantenan. Ingkang sampoen terang poenika: ing abad kalih sadèrèngipoen Sang Kristoes mijos basa Sansekrita poenika taksih kanggé witjantenan wonten ing tanah Aryavarta, inggih poenika tanah ingkang doemoenoeng ing saantawisipoen paredèn Himalaya kalijan Vindhya. Dados bokmanawi nalika basa Sansekrita dateng ing tanah Djawi, sampoen ngadjengaken pedjah.

Saged oegi basa Sansekrita poenika kados déné basa Latin, roemijin soemebar ing djagad (Basa Latin soemebar ing djagad kilénan, Sansekrita ing djagad wétanan), ladjeng kalih-kalihipoen sapoenika sami pedjah.

Anggèn koela njamèkaken basa Sansekrita kalijan basa Latin poenika amargi ing basa Djawi kalebet katah temboeng-temboeng Sansekrita ingkang kanggé padintenan, kadosta: désa, geni, wadon, nagara, kantjing, lingsa (tigan toema), balandja, tambra, pandapa, gapoera lsp.

Manoet toewan W. Aichele basa Sansekrita ingkang dipoenanggé tijang Djawi ing saben dinten poenika boten mendet saking Sansekrita ingkang sampoen pedjah, nanging saking basa Indoe ingkang kala samanten kanggé witjantenan. Ingkang kados makaten poenika wonten pakèwedipoen, amargi jèn djaman samanten basa Sansekrita sampoen pedjah babar pisan, kadospoendi sagedipoen toemindak tijang Djawi andjawèkaken Mahabarata, Ramajana lan ing séla-séla wonten seratan mawi basa Sansekrita?

Nitik saking anggènipoen basa Djawi boten itjal kaesoek ing basa Indoe, terang bilih basa Djawi nalika kadatengan basa Sansekrita, sampoen kalebet kekah anggènipoen madeg pijambak.

Basa Sansekrita poenika ingkang mbekta bangsa Indoe. Datengipoen bangsa Indoe poenika sampoen kina, nanging katingalipoen kijat saweg taoen 700 Çaka. Sadèrèngipoen poenika kawontenanipoen bangsa Djawi taksih Djawi toelèn, nglangkoengi kalijan ing béndjing-béndjingipoen. Mila serat-seratan damelan kala samanten langkoeng angèl retos-retosanipoen katimbang bakda djaman samanten, amargi bakda djaman samanten ladjeng katah tjampoeranipoen basa Sansekrita.

Manoet pamanggihipoen Dr. Brandes ringgit (wajang), gamelan, tembang tengahan lan matjapat, njerat (mbatik), sesabin poenika dédé bektanipoen tijang Indoe. Sadèrèngipoen tijang Indoe dateng, tijang Djawi sampoen ngertos dateng lelajaran, dateng ngèlmoe palintangan sakedik-sakedik, sampoen saged damel jatra, lan pangrèhing pradja oegi sampoen kalebet saé.

Menggah Dr. Brandes anggènipoen saged namtokaken kados makaten poenika djalaran kados déné ing ringgit (wajang) poenika nama-namaning pirantos sami Djawi toelèn, makaten oegi nama-nama ingkang magepokan kalijan tijang sesabin.

Ing ngriki koela namoeng njrijosaken, bilih djaman samanten basa Djawi sampoen kekah madegipoen. Dr. Brandes neroesaken sarta nemtokaken, manawi sesabin poenika pamanggihipoen tijang Djawi pijambak, mila Prof. Schrieke ladjeng nerangaken, bilih ingkang kados makaten poenika dèrèng temtoe. Manoet Prof. Schrieke sarana basa kémawon boten saged nerangaken, dados kedah neda toeloengan dateng ahli-babad, ahli-patilas-patilasan lsp.

Poenapa tijang Djawi sadèrèngipoen kadatengan tijang Indoe sampoen gadah aksara pijambak, poenika boten terang. Seseratan limrahipoen mawi aksara Indoe. Aksara waoe ing sakawit katah tjotjogipoen kalijan babonipoen, nanging samangké sampoen béda sanget. Samangké poenika aksara ingkang taksih njelaki aksara Indoe inggih poenika aksara Batak.

Tijang Mladjeng roemijin oegi nganggèkaken aksara Indoe kados ingkang katjeta wonten seratan ing Batoe Baragoeng lan ing Pagar Roedjoeng (Taoen 1269 lan 1278 Çaka), nanging sareng kedatengan Islam, ladjeng gantos aksara Arab.

(badé kasambet). *r.*

## ISINIPOEN:

Eerendienst — Nétra moelat — Kasoesastran — Pasinaon ing H. I. K. — Piwoelang — Awis jatra — Cooperatie — Poespita mantja warna — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

## ONDERWIJS.

### PASINAON ING H. I. K.

(Sambetipoen Sw. Tm. No. 19).

*Woelangan ing H. I. K.*

Woelanganipoen ing Onderbouw H. I. K. sami kalijan B. afdeeling openbare Mulo, namoeng kaotipoen Landstaal (basa Djawi), Maleisch (basa Mlajoe), zingen, (muziek), asta gina (handenarbeid), Lichamelijke opvoeding lan handwerken kanggé laré èstri katamtokaken. Dados vakipoen:

1. Basa Walandi. 2. Basa Inggris. 3. Basa Priboemi. 4. Basa Mlajoe. 5. Njerat. 6. Étang. 7. Wiskunde. 8. Babad. 9. Ngèlmoe boemi. 10. Natuurkennis. 11. Zang lan muziek. 12. 'ngGambar. 13. Lichamelijke opvoeding. 14. Handenarbeid. 15. Handwerken.

Bokmanawi inggih badé kawontenaken woelangan viool. Kadjawi poenika inggih dipoenwonteni wekdal kanggé sinaoe agami.

Déné ing bovenbouw kaotipoen boten nganggé basa Djawi lan Mlajoe, nanging wewah opvoedkunde (Ilmoe goeroe).

Woelanganipoen ing Hoofdakte-dagcursus apesipoen: Opvoedkunde, basa Walandi, Letterkunde, Ngèlmoe boemi, babad, Natuurkennis lan Wiskunde.

Jèn pados hoofdakte met Aanteekening wewah: Fransch (basa Parangakik) lan Duitsch (basa Ditselan).

*Internaat.*

Laré ingkang sinaoe ing H.I.K. poenika k e d a h wonten ing internaat (grija pamondokan) ingkang gandèng kalijan H. I. K. waoe. Kadang kala kéngnig b o t e n wonten ing Internaat, namoeng manawi angsal palilahipoen Directeur O. &. E. Ing internaat ngrikoe, laré-laré waoe boten 'mbajar poenapa-poenapa, dados pamondokipoen lan tedanipoen gratis, boten 'mbajar. Makaten oegi jèn mriksakaken dokter.

Boekoe-boekoe boten toembas, kaparingan njamboet sadangoenipoen sinaoe ingrikoe.

Jèn wonten preloenipoen, oepami tijang sepoehipoen boten gadah, laré H. I. K. kaparingan gratis, tegesipoen boten mbajar sekolah. Tamtoenipoen inggih kedah njaosi katerangan roemijin ingkang leres.

Kedjawi poenika inggih angsal sepoeran saking Goepermèn, manawi:

*a.* Mantoek liboeran ageng.

*b.* Wangsoel dateng sekolahan, bibar liboeran ageng.

*c.* Mlebet sapisanan.

*d.* Mantoek sabibaripoen iksamen poengkasan.

Ing sekolahan goepermèn ingkang kénging manggèn ing Internaat namoeng laré djaler. Déné ing sekolahan partikelir: Lembang, Soerakarta lan Malang laré èstri oegi kénging. Moentilan namoeng laré djaler.

*Ingkang kénging nglebeti H.I.K.*

Sadaja laré djaler lan èstri. Déné ingkang sanès bangsa Indonesia katah-katahipoen 25% tjatjahing moerid. Ingkang katampi ing klas 1 Onderbouw tanpa iksamen, i. p.:

*a.* Laré ingkang gadah pratanda saking Hoofd sekolahan openbaar Westersch lager onderwijs oetawi sekolahan partikelir ingkang kasamèkaken sekolahan goepermèn. Verklaring waoe njebataken bilih laré ingkang gadah waoe saged toemoet sinaoe wonten klas 1 Mulo.

*b.* Laré ingkang gadah verklaring, ingkang mratélakaken bilih minggah saking voorklas dateng klas 1 openbare Mulo oetawi Mulo partikelir ingkang kasamèkaken openbare Mulo.

*c.* Laré ingkang gadah pratanda bilih klebet kanggé kl. 1 H. B. S. goepermèn oetawi partikelir ingkang kasamèkaken sekolahan goepermèn.

Déné pratanda ing a, b, c, waoe kedah mratélakaken bilih bidjinipoen basa Walandi apes 6. Kadjawi poenika laré ing a. b. c. waoe oegi kedah gadah pratanda saking Directeur sekolahanipoen ingkang poengkasan, ingkang mratélakaken bilih dasaring kasagedan ing bab sadajanipoen (algemeene aanleg), kalakoeanipoen lan kamadjenganipoen toewin kasregepanipoen pantes jèn sinaoe wonten ing H. I. K.

Directeur O. &. E. oegi kénging paring palilah dateng sadéngaha laré mlebet ing H. I. K. tanpa iksamen, manawi laré waoe sekolah ing Mulo goepermèn oetawi partikelir ingkang sampoen kaanggep ing Goepermèn, waton bidjinipoen basa Walandi sakedik-kedikipoen 6.; i. p. ing rapport ingkang poengkasan lan sangadjenging poengkasan; kadjawi poenika laré waoe oegi kedah sampoen toemoet woelangan basa priboemi lan Mlajoe. Jèn boten angsal woelangan poenika ladjeng dipoeniksamen ing bab warni kalih waoe.

*Badé kasambet.* C. Bl.

**PAKEMPALAN-ONDERWIJS (PANGADJARAN) TOEMRAP LARÉ-LARÉ BISOE TOEWIN BOEDEG ING HINDIA-NEDERLAND, KAADEGAKEN WONTEN ING BANDOENG.**

## Pamoelangan laré-laré bisoe toewin boedeg.

I.

Para maos temtoe sampoen sami ngoeningani, bilih ing Bandoeng sampoen wonten pakempalan ingkang antjasipoen soeka pangadjaran dateng laré-laré ingkang kaseboet ing nginggil. Ing Soerabaja lan ing Bandoeng roemijin sampoen naté njobi amitoeloengi laré-laré boedeg ingkang ngantos boten saged oetawi rekaos sanget anggènipoen sinaoe wonten ing pamoelangan andap.

Angsal-angsalaning pitoeloengan waoe boten anjekapi pikadjenganipoen (negatief). Kadadosan makaten poenika saking saénipoen hawa oetawi djalaran ing Hindia. Ngriki boten wonten tjatjar abrit (roodvonk), mangka ing Nederland sesakit laré poenika katah sanget, poenapa malih dados djoeroe pangrisak ingkang ambebajani sanget dateng pamireng.

Ananging sarèhning tanah ngriki katah laré bisoe, mila boten goemoen, bilih pakempalan mrelokaken 'nggalih roemijin dateng kasangsaranipoen laré-laré ingkang kirang pamirengipoen, ingkang boten saged toemoet sinaoe wonten ing pamoelangan limrah, sageda kalebetaken dateng pamoelangan énggal. Sampoen temtoe ing tembé saged kasoemerepan, poenapa pamoelangan laré bisoe waoe saged lestantoen oetawi boten, poenika goemantoeng katah sakedikipoen moerid. Déné katahipoen moerid-moerid ingkang preloe kalebetaken dateng pamoelangan waoe, kinten-kinten boten badé kekirangan.

Pinten tjatjahipoen tetijang bisoe ing Hindia, dèrèng saged kanjatakaken; ing tanah-tanah Europa kawontenan poenika sampoen kasoemerepan. Tjatjahipoen saben 10.000 tijang, toemrap ing Nederland 3,35, Belgie 4.39, Groot-Brittanie (Inggris) 5,74, Denemarken 6,20, Frankrijk lan Italie 7,31, Duitschland (Djerman) 8,60, Noorwegen 9,33, Oostenrijk 9,66, Spanje 9,96, Zweden 10,23, Hongarije 13,43 lan ing Zwitserland 24,5. Tjatjah-tjatjah waoe manoet kawontenan sadèrèngipoen perang. Mila genah sanget bilih agengipoen tjatjah-tjatjah waoe manoet saking doenoengipoen tanah paredèn. Laré ingkang oemoeripoen kirang saking 2 a 3 tahoen boten kalebetaken, djalaran dèrèng saged katemtokaken bisoe oetawi botenipoen. Toemrap ing tanah Hindia tjatjah-tjatjahipoen manawi katimbang kalijan kawontenan tjatjah² ing nginggil saged katetepaken sakedik-sakedikipoen 40.000, inggih poenika bangsa Tjina 2000 lan bangsa Europa 150.

Ing Nederland sapoenika sampoen wonten 6 grija pamerdi laré-laré bisoe (doof-stommen-instituut) inggih poenika wonten ing Groningen, St. Michielsgestel, Rotterdam, Dordrecht, Amsterdam lan Voorburg. Ing Groningen lan St. Michielsgestel grija pamerdi laré-laré bisoe waoe sampoen sami 'nggadahi pamoelangan toekang (ambachtsschool). Ingkang sepoeh pijambak pamoelangan ambacht Groningen, doemoegi ing taoen 1926 oemoeripoen sekolahan waoe 135 taoen, sarta sampoen 'ngedalaken 2250 moerid, ingkang 1800 sami medal kalajan nggadahi kawroeh (kasagedan) tjekap kanggé sangoenipoen gesang, sanèsipoen wonten ingkang pedjah, boten madjeng èngetanipoen, wonten oegi ingkang sesakiten oetawi kawedalaken djalaran kelepataning tijang sepoehipoen.

## „PIWOELANG".

Tijang gesang makaten perloe, lan kedah njamboet damel; katrangan: pirsa pijambak.

Sagedipoen njamboet damel, kedah angsal piwoelang; dados, piwoelang kedah moelangi tijang, amrih saged njamboet damel. Njamboet damel makaten, kénging kapérang dados: kalih, i.p.: p i k i r a n lan t a n g a n, oetawi: b e b e r a h lan m a n d i r è n g (amberahaken); jèn makaten piwoelang inggih kedah moelangi makaten.

Piwoelang poenika; angsalipoen saking sekolahan, jèn makaten, poen sekolahan kedah isi piwoelang ingkang makaten. Sekolahan ingkang saé, sampoerna, saèstoe dados papan pamoelanging bangsa, kedah isi piwoelang ingkang makaten, langkoeng-langkoeng sekolahaning bangsa ingkang „adakan" perloe, kedah kadamel makaten; poen piwoelang kedah kénging katandjakaken ing para moerid, sasampoening medal, lan boten namoeng toemandja ing salah-satoenggiling bab.

Kagem wawaton, ing riki panjerat badé njoeplik, wontenipoen pranatan sekolahan ing Amérikah:

Wontenipoen sekolahan ing ngrika saèstoe kadamel practiesch; ing sekolahan andap dipoenkatahi anggambar, handenarbeid, njoengging lss. piwoelang ingkang adakan toemraping ngagesang kanggénipoen laré èstri makaten oegi.

Sawedalipoen saking ngrikoe, temtoe kémawon kanggénipoen para ingkang badé njamboet damel boten kèwedan, djer piwoelang ingkang kénging kaetjakaken ragi: m e p a k i; lan sasampoenipoen njamboet damel, taksih kedah sinaoe ngladjengaken kasagedan ingkang kanggé njamboet damel waoe apes 2 taoen, poen madjikan kedah nglilani, lan kapeleng ing nagari.

Dados: berah lan madjikan — roekoen; . . . n g r i k i . . . ?

Déné ingkang ngladjengaken sinaoe, dateng pamoelangan langkoeng inggil oegi tansah kadamel: prachtiesch (kadjawi ingkang speciaal).

„Help help" madjeng; para Student ing pamoelangan, ing salebeting liboer, sami njamboet damel, kanggé kaperloeaning sinaoe; dados dameling tijang sepoeh makaten: *da's een schande*, mila ing Ensylvania, wonten kantor kanggé pangoengsèning para student — pados pandamelan ing salebeting liboer.

Ing salebaring sekolah, laré-laré boten anggadahi isin, njamboet damel, moerih angsaling arta, kanggé kabetahanipoen, sadé koran l. s. s., i n g n g r i k i ?

Margi makaten waoe, raos: bilih njamboet damel tanpa pèn poenika asor: boten wonten.

Doemoegi samanten, para maos saged nanding lan kawontenanipoen, onderwijs ing ngriki ingkang pidjer, tansah, adjegan, éwah kémawon poenika.

Idam-idamaning tijang ngriki, sekolah makaten, ngoedi sageda dados prijantoen, oetawi dados berah: a l o e s, boten kok dados bakoel oetawi soedagar, tani pinter, djoeroe gambar lsp.

Ingkang makaten waoe inggih margi ing boeboekanipoen, saben laré medal sekolah, temtoe, oetawi katah ingkang dados, berah a l o e s, djer piwoelang ing rikoe matoekipoen namoeng kaetjakaken makaten. Mangga, kawaspadakna wontening piwoelanging sekolahan: doesoen, angka 2, H. I. S. Mulo sapanginggilipoen, poendi: piwoelang ingkang moelangi mandirèng? kadosta ing bab: tetanèn, dagang kagoenan, lss? Kéngingipoen piwoelang waoe namoeng kanggé b e r a h a l o e s oetawi ngladjengaken sinaoe.

Poenapa pantji kadamel makaten? Jèn makaten leres, tjrijosipoen H. Colijn, soepados njetop H.I.S. A.M.S. lsp. djer sampoen katah laré ingkang tanpa pakarjan (kaoem berah!);

Mangka pantjènipoen boten makaten, djer maatschappij saé, bangsa santosa poenika doemados saking gegelitan ingkang kijat, pinter, sembada; poenapa inggih namoeng bangsa: b e r a h a l o e s tok kémawon?

Sawenèh tjarijos, bilih anggènipoen boten mandirèng poenika amargi: economie.

Manawi pantjèn nijat, kempalan temtoe saged; lan malih, katah kémawon, ingkang economie-nipoen saé nanging meksa seneng dados prijantoen, amargi: boten mangertos kados-poendi badé tjakipoen (boten kawoelang poenika waoe . . . . . ), oetawi, wangsoel malih, pantjèn seneng dados prijantoen, berah aloes, djer poenika ingkang gampil pijambak dipoenlampahi nganggé kasagedanipoen. Para maos pirsa, tanah kita tanah tetanèn, manawi poen tani, sami taksih kados sapoenika, tegesipoen boten wonten tijang pinter ingkang: „*nani*" landbauwleeraren prasasat tanpa gina, djer boten kagega ing tijang-tijang tani waoe, ngantos doemoegi ing béndjing tetanèn kita badé: adjeeeeeeeg kémawon.

Manawi boten wonten tijang pinter ingkang: *njoedagar* — pasoedagaran kita temtoe badé: afhankeleeeeeek kémawon.

Manawi boten sami, mandirèng, doemoegia ing béndjing, sanadjan sageda, pintera, inggih: p i n t e r b e r a h.

Para maos pirsa ing pamoelangan andap wonten woelangan handenarbeid; panjerat matoek, tjotjog oegi jèn kaadjengaken, dipoensembadani, dipoenragadi, dipoensoekani goeroe, boten namoeng: kasomparsampiraken; awit manawi namoeng makaten, tiwas boten mateng, toer ngitjalaken wekdal . . . !

Mangga, ing pamoelangan sanèsipoen — temtoe kémawon kapendet matoekipoen, salarasipoen.

Kawroeh falak, algebra, logaritme, — atoom-atoom — kawon goena lan kawroeh: landbouw — dagang — dedamelan ingkang tjepak-tjepak.

Wasana:

Mangga, manawi pantji badé dipoenadjengaken, boten namoeng badé kadadosaken berah, . . . !

Sadèrèk . . ! mandirèng pribadi . . ?

Cc. Moentilan. *Tjemara-kembar.*

VAN LITH-STICHTING.

SINTEN
ingkang dèrèng
dados warga
V. L. S.
énggal
koela atoeri
MLEBET!

**Pangrèh V. L. S.**
Bijz. H. I. S.
MAGELANG.

# POESPITA MANTJA WARNA.

**„SAPARA SEPOELOEHÉ WOELOE WETOENÉ BANISRAIL INGSOEN PARINGAKÉ MARANG TOEROENING LÉVI."**

II.

Kasinggihan pangandikanipoen St. Paoeloes: „Endi ana wong sing dadi saradadoe, tanpa olèh pitoewas? Endi ana wong sing nandoer wit anggoer, tanpa metik oewohé? endi ana pangon sing angon pepantané wedoesé, tanpa ngrasakaké powané? Wong mloekoe enggoné mloekoe mesti ngarep-arep pitoewasé; lan wong noetoe enggoné noetoe kanti anggegadang pandoemaning bawoné. Lan saikiné apa kleboe prakara anèh lan élok, jèn akoe (lan para imam) kang anjebar widji rohani, anampa pandoeman panèn djasmani sawatara? Jèn wong lijané pada doewé hak ing atasing kowé, akoe ija samono oega andoewèni hak, malah kapara loewih katimbang karo wong lija-lijané." (petikan saking nawala dalem Rasoel Paoeloes dateng sadèrèk Korinti bab 9). — Nalika Goesti Jésoes ngoetoes sakabat Dalem, pangandikanipoen: „Adja pada sangoe doewit emas, selaka oetawa tembaga, adja pada nggawa kantong, sandangan rangkep loro, troempah lan teken; awit djoeroe karja andoewèni hak, jèn kasampetana moenggoeh ing kaboetoehané djasmani." (Mt. X. 10). Indjilipoen Santo Loekas bab 10 ajat 5 lan 7 njarijosaken makaten: „Jèn sira loemeboe ing omahé wong; toetoera dingin: „Dèn tentrem omah iki. Lèrèna ana ing kono, apa kang kasoegoehaké panganen lan ombénen, awit djoeroe karja andoewèni hak moenggoehing pitoewasé." Mitoeroet pangandika Dalem K. Goesti sampoen terang sanget, manawi sadèrèk katolik koewadjiban anjanggi kabetahanipoen para Imam ing babagan djasmani; namoeng pinten, poenapa sapara sedasanipoen oetawi sapara kalih dasanipoen pamedal, ingkang katjaosaken dateng Imam, Goesti Jésoes lan Pasamoewan Soetji boten anemtokaken; poenika kaborongaken dateng sadèrèk katolik pijambak, mitoeroet sakadaripoen oeger Imam Dalem boten katjingkrangan, ngantos boten saged makarja, sampoen tjekap. Soemangga para sadèrèk, koela atoeri kerep menggalih koewadjiban poenika, moempoeng dèrèng kadaloe warsa. Kados sakoela lan sapandjenengan anggadahi sesanggèn ageng, anjanggi daharing para Imam, ingkang koela anggep rama koela pijambak, langkoeng-langkoeng ing tembé wingking manawi rama Imam Djawi sampoen radi katah, Ngèngetana oegi tjatjahing siswa Djawi ingkang katoemoesan sedya adi loehoeng anggajoeh pangkat kaimaman saja dangoe saja mindak-mindak. Manawi wiwit ing sapoenika sakoela sadaja boten toemoet toemandang oeroen-oeroen sakadaripoen minangka kanggé njampeti ragading para siswa waoe oetawi Imam Dalem, é badénipoen kados-poendi? poenika wadjib lo sadèrèk! Pramila moegi-moegi kantja goeroe oetawi prijantoen sanèsipoen ingkang dèrèng dados warganing van Lith-Stichting, énggal loemebeta, jèn katanding kalijan koewadjibaning Banisraïl boten sapintena sapara sedasa . . . . lan sapara satoesing pamedal. Lan kantja goeroe ingkang njamboet damel wonten ing pamoelangan Missie, koela atoeri mangertosaken para moerid dateng koewadjiban poenika, soepados sami mlebeta dados warganing Pakempalan Paloepi Darma, soepados wiwit alit mila sampoen sinaoe anetepi koewadjiban poenika, boten nggadahi owel oetawi éman.

Para sadèrèk, soemangga sami kagatosaken prakawis poenika. Inggih pramila njata, kados sakoela lan sapandjenengan sampoen bajar paos sirah, paos siti, paos pandamelan, pènning piet lan sapanoenggilanipoen minangka asoeng pitoewas dateng negari anggènipoen andjagi katentreman oetawi anjaèkaken kawontenaning pradja; lan pambajar koela waoe kanti éklas lega rila. Poenapa sapoenika sakoela lan sapandjenengan badé anggadahi owel oetawi éman asoeng boeloe bekti dateng Oetoesan Dalem, ingkang mesoe salira angamping-ampingi soekma koela, soepados amanggiha djatining karahajon lan katentreman, sarana anjaosi pitoewas sapara-satoesipoen pamedal koela? Ngèngetana van Lith-Stichting, ngèngetana Paloepi Darma, ngèngetana pangandikaning Pangéran Jehowah: „*Sapara sepoeloehé woeloe wetoené Banisraïl Ingsoen paringaké marang toeroené Lévi.*"

*DJALARAN.*

# ECONOMIE.

**AWIS JATRA.**

*(Ngoengak ndoesoen).*

Ing mangsa poenika para sanak ndoesoen katah ingkang angloeh awis jatra, béda sanget kalijan roemijin-roemijin. Menggah njatanipoen jèn regining jatra taksih adjeg. Liripoen jatra ketip 1 inggih taksih angsal dipoentoembas 4 bénggol oetawi 10 sèn. Nanging ingkang dipoenwastani awis poenika waoe sadjatosipoen margi angèling pangoepadosipoen.

Sawenèhing tijang doesoen ing Kabonongan bawah Bantoel wonten ingkang tjarijos dateng koela makaten: „Mas, saniki niki djagoeng sepantji ming 4 sèn mawon, koela niki boten saged saben dinten ndeplok djagoeng, jèn boten koela réntjangi djengkelitan."

Ah, kanggénipoen para koeli ingkang namoeng pawitan baoe, wekdal poenika mila angèl ngoepados berahan, awit ing kebon rosan sampoen (saweg) boten betah koeli katah-katah, mangka papan glidigan sanèsipoen boten wonten, dados koeli-koeli kapeksa nganggoer. Sapoenika gentos sémahing koeli pados teda oegi kanggé nedani anak sémahipoen. Rèhning kiwa tengening doesoenipoen dèrèng mangsa panèn, dados inggih neba derep nilar anak sémah. Pangkat éndjing — mantoek sonten namoeng mbekta bawon saajar. Malah terkadang majeng-majeng kepanasen wonten sabin nemboeng derepan tansah katolak kagoesah-goesah.

Para bakoel alit-alit katah ingkang angloeh: „Pawitan satitik lé oetang-oetang pajoené soewi toer ra pirawa."

Koela naté takèn sawenèhing bakoel srabi petak:

„Joe bakoel srabi poenika pawitanipoen oewos pinten? Klapa pinten? panggarap dos-poendi? Panjadé dos-poendi? Pitoewas sapinten?"

Wangsoelanipoen:

„Wos 10 pantji à seketip of 12 sèn, ngglepoeng setoegel dinten; klapa 4 à 3 sèn. Daloe djam 11 of 12 tangi teroes dados latoe, noesoek srabi doemoegi bangoen. Tilem sakedap teroes njadé srabi dateng peken mantoek sampoen sijang teroes ngekoem wos. Poendi kèndelipoen? Jèn baoe boten kaétang goenggoeng pawitan ± f 1,50. Poenika jèn pinoedjoe laris saged djeboel f 1,60 of f 1,70. Ewadéné koela sampoen bingah, awit koela empoen angsal tempoeran 10 of 20 sèn anak koela sami toewoek."

Malih:

Bakoel apem djagoeng.

| | | |
|---|---|---|
| Djagoeng 10 pantji | = | f 0,40 |
| djoeroeh 5 kopi | = | f 0,50 |
| kadjeng 1 toempoek | = | f 0,10 |
| pawitan | = | f 1,— |

Pangglepoengipoen langkoeng angèl lan dangoe; pandamelipoen apem wiwit daloe kanti kapeganen keloek, pepadjenganipoen 11 ketip — njengka 13 ketip.

Bakoel saté of wédang ndjengoek 1 dinten oetawi 1 sonten padjengipoen namoeng sakedik. Pinggir radinan katah tijang plesir, nanging ingkang djadjan awis-awis. Djaman wingi tijang mandé tongsèng of wédang menang gagah tinimbang tijang sadé grontol, nanging sapoenika kasoran, margi grontol menang laris.

Bakoel grabatan dateng redi Kidoel, roemijin sainggahan kémawon jèn namoeng pados bati setengah roepijah kémawon gampil; balik sapoenika bektan sabotipoen pados mélik setangsoel kémawon ngaja-aja. Mangka bakoelan dateng ngredi poenika mawi njipeng, nedanipoen djadjan.

Doesoen koela poenika katah bakoel ingkang kèndal margi angèling padjengipoen sesadéjan.

Bakoel tjilik, doewité olèhé oetang entjik, diréwangi kentijak-kentijik, trima bati setitik, angèling pajoené ra itik-itik.

Dados tetemboengan awis jatra pantjèn njata, katitik wontening para bakoel. Bakoel-bakoel poenika waoe inggih bangsa koela Djawi. Poeroenipoen djengkelitan mekaten margi boten gadah kapitaal.

Jèn jatra awis, barang-barang mirah reginipoen. Kadosta: wonten peken gadah jatra f 2,— kémawon sampoen saged mbekta klambi djas lénah. Kawan roepijah sampoen angsal sindjang saé. Djaman perang 4 taoen *) mirah jatra, barang² awis. Wos 1 pantji padjeng 1 tangsoel.

Ingar-inger inggih sami kémawon toemrapipoen kaoem berah.

Awis jatra — mirah barang.
Mirah jatra — awis barang.

S. S. Dh.

*) Prang donja.

# OERAP-SARI

## KABAR KATHOLIEK.

**Paring panarimah dalem Sampéjan dalem Pius XI dateng para ingkang ngoendjoekakaen kasoegengan 50 taoenan.**

Staatssecretariaat dalem
K. S. Rama.
no. 89219.

*Vaticaan 14 Maart 1930.*

*Poedya basoeki,*

Rikala akiring taoen (kapoengkoer), ambeneri ngarsa dalem mèngeti sèket taoenan dalem djoemeneng Imam, kagawa saka katresnaning poetra sarta pangadji-adji marang Wawakil Dalem Sri Jésoes Kristoes, pakenira pada amerlokaké mangastoeti. Sing mangkono ikoe mratjihnani soengkemira marang Pandjenengan dalem.

Ngarsa dalem paring panarima marang sira toemrap katresnanira, lan anggonira ngoendjoekaké roeroempakan kembang awoedjoed sembahjangan, kagem kasoegengan dalem. Katresnaning poetra kang doemoenoeng ing sira, pinaringan wawales kabetjikaning soedarma sarana pinaringan pangèstoe lan kasoesoewoenaké moega pakenira ingerobana barkah Dalem Pangéran.

Moega barkah Dalem Sri Nata Pandita, kang pinaringaké sira soemrambahé marang kabèh para dwidja lan siswa, bisaa ngolèhaké sih - kaswargan ikoe maoe.

Atas dawoeh Dalem;
katandan Kardinal PACELLI.

**Parochie Poerwokerto.**

!?! martosaken makaten:

— Kedjawi pastoeran, perloe dipoenkabaraken ingriki, bilih ing Poerwokerto inggih sampoen wonten Soesteranipoen, manggèn sakidoel pastoeran, namoeng kaelet - eletan sesoeroep (lan margi ageng). Malah sampoen wonten jejasanipoen kalih, inggih poenika E. L. S. lan Frobelschool; kalih-kalihipoen kanggé laré èstri (Walandi).

— Béndjing poenapa jejajasan kanggé sadèrèk Djawi anggènipoen badé miwiti . . . . . , kita kantoen tengga. Panjerat njenjoewoen, moegi énggala dipoenpenggalih kaleksananipoen.

— Kados ingkang sampoen naté dipoenkabaraken ing hoedyana Sw. Tm, ngriki, Grédja énggal ing ngrikoe saweg riboet dipoenbangoen. Mitoeroet ngendikanipoen rama Pastoer, saged rampoeng ing salebetipoen woelan Juni ngadjeng poenika. Béndjing tanggal 29 Juni 1930, inggih poenika kaleres riajanipoen Santo Petrus lan Paulus, Grédja énggal waoe dipoensoetjèkaken mawi oepatjara. Sampéjan dalem Kangdjeng Biskop ing Betawi ngrawoehi, perloe noetjèkaken Grédja waoe!!

Para kadang Katholiek ing Poerwokerto, sampoen kasoepèn, kaperlokna ngrawoehi!!

Béndjing para kadang sadaja mesti badé sami tampi serat uitnoodiging saking pastoeran.

— Para maos mesti sampoen oeninga, bilih ing Klampok S. D. S. sampoen dipoendegi P. P. K. D., kénging kawastanan tjabang kanggé parochie Poerwokerto! Poenika mila sampoen samestinipoen kedah wonten. Ra'jat ing tanah djadjahan poenika boten kénging njingkoer dateng poelitik!

Kanggé tetimbangan, poenapa dèrèng wantjinipoen jèn parochie Poerwokerto, dipoenwonteni . . . . K.W.?? Borong para kadang sadaja!!!

# KABAR OEMOEM

## INDONESIA.

**Doesoen risak margi endoet; tijang ingkang pedjah 47.**

Kala malem Senèn (18/19- Mei) doekoeh Likasan tjelak doesoen Kaboemèn (—dédé Keboemèn Begelèn *Red.)* margi dajaning djawah koeroegan endoet mili saking pèpèrènging redi Télamaja sisih Kidoel. Tijang sapadoesoenan ngrikoe ingkang pedjah goenggoeng 47 djiwa, pedjah sadaja. Sadaja grija lan sabin 20 baoe, risak; radjakaja atoesan, tiwas. Margi Banjoebiroe — Salatiga ingkang risak pandjangipoen 7 pal. Kreteg - kreteg sawatawis risak. *(Aneta.)*

**Pèpènget kanggé laré prebijèt.**

Kala Djoemoewah éndjing sepoer sapisanan Solo — Djokja, laré nama Soekarna, moerid H.J.S. m/d Bijbel Bintaran Ngajodja, anakipoen toekang besi ing pabrik gendis Randoegoenting, wonten satjelakipoen Centrale Werkplaatsen der N.I.S., kala ngalih dateng gerbong sanès, (sepoer mlampah santer) saking sembrananipoen, . . . . . dawah, . . . . . dados tedanipoen roda sepoer.

**SINTEN INGKANG POETOES?**

Ing ngandap poenika angka-angka lotré Eyken Stichting ingkang pikantoek pris, (teroesipoen Sw. T. no. 20) petikan **Bat. Nwbl.** — (Nomer lot ing Sw. T. no. 20 wonten ingkang lepat; pris f 1000: 86798; leresipoen: 186798; pris f 1000: 186253; leresipoen: 186259.) — Nanging mantepipoen, kedah katjotjogaken kalijan trekkinglijst officieel. (—Lotré énggal akiring woelan poenika wiwit kasadé— ).

**f 10.000** nomer: 126201 101340

**f 5000** nomer: 101980 181590

| | | | |
|---|---|---|---|
| 179017 | 69782 | 71232 | 132320 |

**f 1000** nomer: 99420 18005

| | | | |
|---|---|---|---|
| 163586 | 195026 | 45618 | 14712 |
| 87768 | 65164 | 191768 | 68578 |
| 24846 | 3213 | 34155 | 70324 |
| 162570 | 21886 | 21261 | 112614 |
| 11289 | 79458 | 30332 | 77823 |
| 161649 | 50918 | 81925 | 120242 |

**f 500** nomer:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 167193 | 161932 | 115265 | 185426 |
| 55549 | 10840 | 190828 | 116068 |
| 36030 | 90381 | 77848 | 160353 |
| 168743 | 68121 | 115481 | 165713 |
| 30395 | 109808 | 115971 | 12247 |
| 82700 | 157492 | 36068 | 193423 |
| 103913 | 181844 | 180346 | 33820 |
| 102650 | 53645 | 108915 | 184003 |
| 28890 | 188718 | 32585 | 3215 |
| 146471 | 169423 | 126820 | 6349 |
| 164847 | 15127 | 33735 | 119424 |
| 101402 | 31940 | 121186 | 37585 |
| 104595 | 189668 | 155740 | 108111 |
| 114908 | 158133 | 43644 | 58341 |
| 42501 | 199871 | 4314 | 21423 |
| 96347 | 174952 | 56523 | 30755 |
| 134185 | 121459 | 16492 | 158384 |
| 119245 | 137479 | 109902 | 138363 |
| 113660 | 57095 | | |

**f 100** nomer:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 158446 | 149977 | 158697 | 195566 |
| 18133 | 192434 | 78848 | 119604 |
| 80340 | 180480 | 119128 | 121686 |
| 150084 | 7163 | 6047 | 84046 |
| 119045 | 106699 | 150589 | 80104 |
| 168845 | 86136 | 74087 | 142503 |
| 138872 | 11849 | 76326 | 138896 |
| 149361 | 76756 | 34895 | 85586 |
| 57278 | 194280 | 96579 | 12395 |
| 132369 | 58932 | 44773 | 75784 |
| 108605 | 196420 | 27386 | 30674 |
| 191864 | 159868 | 37696 | 75680 |
| 174398 | 106592 | 160333 | 48939 |
| 159383 | 100232 | 63848 | 146227 |
| 142225 | 104359 | 104850 | 827287 |
| 88100 | 193308 | 80519 | 116048 |
| 39711 | 51055 | 20499 | 76026 |
| 46359 | 154100 | 163455 | 87394 |
| 94555 | 59107 | 165764 | 77143 |
| 180791 | 65626 | 97005 | 63894 |
| 30512 | 140562 | 167820 | 160153 |
| 3487 | 169981 | 180149 | 123050 |
| 121438 | 168878 | 67144 | 18367 |
| 30187 | 179478 | 187736 | 182010 |
| 160371 | 78545 | 74773 | 186776 |
| 192487 | 98453 | 80907 | 152780 |
| 126310, | 29830, | 150591, | 98995, |
| 147066, | 84618, | 52813, | 77085, |
| 185192, | 4896, | 188048, | 198035, |
| 120664, | 1439, | 120590, | 172842, |
| 14330, | 124205, | 196646 | 14062 |
| 28794, | 7622. | | |

**f 50.** — nomer:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 14647 | 198449 | 63604 | 107288 |
| 65713 | 170278 | 28508 | 167577 |
| 81880 | 10840 | 148277 | 23956 |
| 46029 | 11158 | 34570 | 166590 |
| 178570 | 150732 | 158428 | 135537 |
| 107398 | 83005 | 82241 | 57867 |
| 74205 | 146083 | 85779 | 44244 |
| 53713 | 151697 | 107695 | 169869 |
| 114811 | 197375 | 135163 | 76878 |
| 3617 | 140866 | 193645 | 127549 |
| 181567 | 146351 | 144961 | 46707 |
| 132334 | 166793 | 156037 | 62789 |
| 7846 | 170189 | 154437 | 179323 |
| 71208 | 1283 | 189276 | 198090 |
| 34863 | 109496 | 16911 | 74952 |
| 91822 | 62355 | 22113 | 120024 |
| 165407 | 168390 | 6436 | 6058 |
| 35600 | 124368 | 161689 | 197344 |
| 182523 | 69989 | 157009 | 18927 |
| 110645 | 52890 | 143775 | 113449 |
| 10295 | 13030 | 2177 | 6955 |
| 125591 | 16887 | 116311 | 131729 |
| 161957 | 125887 | 121035 | 167420 |
| 148821 | 8747 | 124990 | 81340 |
| 63852 | 179906 | 19327 | 59602 |
| 22156 | 179282 | 18091 | 189709 |
| 102764 | 172086 | 164895 | 15349 |
| 200000 | 151655 | 78872 | 94883 |
| 152035 | 100433 | 74868 | 21152 |
| 23863 | 105624 | 66119 | 118912 |
| 23388 | 120169 | 11066 | 190853 |
| 150776 | 158825 | 106964 | 85128 |
| 124341 | 166137 | 112208 | 104717 |
| 3266 | 34788 | 133480 | 142779 |
| 194749 | 195210 | 74531 | 123601 |
| 107563 | 191522 | 114660 | 127059 |
| 186562 | 144931 | 15500 | 62390 |
| 44808 | 176746 | 98703 | 28903 |
| 24369 | 174002 | 130151 | 3574 |
| 183675 | 165799 | 8040 | 156353 |
| 70511 | 148970 | 133743 | 94071 |
| 821 | 179831 | 174436 | 35170 |
| 73707 | 9360 | 45396 | 40786 |
| 115059 | 144689 | 93574 | 102645 |
| 145252 | 179086 | 186640 | 76981 |

**f 25** nomer:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 41690 | 153208 | 159439 | 61901 |
| 166085 | 178766 | 85394 | 10872 |
| 123418 | 76687 | 31394 | 117526 |
| 82151 | 68137 | 24176 | 169003 |
| 134542 | 24953 | 8258 | 7007 |
| 15667 | 4269 | 80093 | 186421 |
| 93122 | 98252 | 103876 | 56373 |
| 67855 | 4195 | 11007 | 113758 |
| 75180 | 42621 | 197140 | 125361 |
| 100203 | 165905 | 122195 | 150854 |
| 168702 | 94871 | 142956 | 149873 |
| 123563 | 33506 | 189518 | 27629 |
| 120616 | 174570 | 124319 | 36420 |
| 112752 | 179383 | 179252 | 61618 |
| 47395 | 192651 | 133704 | 35777 |
| 27920 | 187351 | 39233 | 197889 |
| 58066 | 92324 | 198683 | 193368 |
| 16798 | 56600 | 81691 | 113928 |
| 39831 | 33097 | 103524 | 23157 |
| 110209 | 165175 | 96782 | 120407 |
| 169121 | 146185 | 183564 | 159271 |
| 87072 | 84302 | 146624 | 169430 |
| 75825 | 45511 | 39319 | 97309 |
| 37556 | 21708 | 91512 | 104865 |
| 128293 | 108606 | 141994 | 185085 |
| 77416 | 85949 | 127621 | 119268 |
| 155460 | 185565 | 28950 | 29767 |
| 141980 | 28656 | 121576 | 185625 |
| 105452 | 157097 | 27895 | 86143 |
| 197312 | 117148 | 41329 | 142311 |
| 1662 | 140873 | 101830 | 199152 |
| 158217 | 16648 | 150553 | 98600 |
| 3056 | 188170 | 28998 | 120770 |
| 127859 | 30158 | 74614 | 161654 |
| 113840 | 70605 | 1589 | 19267 |
| 191067 | 178972 | 187105 | 154227 |
| 114275 | 23207 | 49690 | 176898 |
| 40645 | 72617 | 158796 | 18006 |
| 140974 | 118851 | 8014 | 143605 |
| 131019 | 64763 | 5447 | 144868 |
| 97648 | 43522 | 12682 | 157545 |
| 169768 | 73404 | 189902 | 2950 |
| 55513 | 125854 | 11916 | 53136 |
| 120184 | 127365 | 192195 | 26555 |
| 54997 | 177591 | 103658 | 120117 |
| 122259 | 97694 | 163665 | 33280 |
| 138172 | 102561 | 81204 | 21603 |
| 49927 | 175886 | 107201 | 21443 |
| 114057 | 85286 | 121362 | 123866 |
| 105023 | 43248 | 70322 | 33179 |
| 130818 | 51757 | 131 | 1332 |
| 6287 | 109656 | 140522 | 2798 |
| 199947 | 75442 | 62623 | 142001 |
| 38142 | 161645 | 158667 | 63743 |
| 46075 | 3673 | 31296 | 67679 |
| 152752 | 193827 | 115647 | 174068 |
| 3948 | 60937 | 136730 | 78904 |
| 106239 | 18671 | 3717 | 190673 |
| 137413 | 146234 | 23799 | 49423 |
| 107511 | 32497 | 107537 | 153020 |
| 30272 | 165067 | 85380 | 138744 |
| 177525 | 9566 | 51313 | 64204 |
| 5779 | 199097 | 187940 | 100244 |
| 168323 | 38317 | 75236 | 5717 |
| 741 | 102482 | 114208 | 73441 |
| 53887 | 5322 | 90383 | 141432 |
| 161933 | 265 | 10387 | 77023 |
| 199914 | 164186 | 126323 | 132494 |
| 154163 | 6961 | 16709 | 4492 |
| 197218 | 184912 | 101495 | 45903 |
| 97825 | 180450 | 291 | 5780 |
| 10307 | 107606 | 69946 | 128590 |
| 89714 | 37229 | 10967 | 46282 |
| 188194 | 41855 | 133294 | 6133 |
| 147008 | 180792 | 197374 | 23190 |
| 166911 | 23385 | 32470 | 130208 |
| 96300 | 197508 | 90567 | 174103 |
| 71340 | 93059 | 97673 | 83986 |
| 124157 | 104188 | 145525 | 185137 |
| 38900 | 19257 | 140180 | 118040 |
| 37388 | 121354 | 178900 | 40674 |
| 76531 | 8685 | 28723 | 89141 |
| 1522 | 181588 | 30 | 196357 |
| 7842 | 34219 | 88173 | 193748 |
| 59950 | 152880 | 189320 | 196480 |
| 173352 | 71008 | 66066 | 995 |
| 101541 | 66029 | 177479 | 30302 |
| 26897 | 79424 | 11987 | 91398 |
| 115058 | 21894 | 20504 | 189001 |
| 11807 | 116753 | 153692 | 97170 |
| 196056 | 142834 | 31012 | 124500 |
| 54575 | 55244 | 109236 | 141204 |
| 56396 | 3692 | 186006 | 171488 |
| 103398 | 197833 | 131988 | 54919 |
| 26462 | 50004 | 125049 | 191121 |

**SAKING BANDJARNEGARA.**

— Contributie pensioenfonds.

Ing Sw. Tm. no. 20 tanggal 16 Mei 1930, koela sampoen ngabaraken bab ambtenaar ingkang taksih wd. boten kakéngingan kontribisi pensioenfonds. Amrih tjetanipoen koela petikipoen oréjan ing Persatoean Goeroe No. 18 tanggal 15 December 1929 katja 198. bab Predicaat wd. (seboetan W. D.) . . . .

III. Boeat pensioen lihatlah Pensioenreglement Burg. Landsdienaren N. I. stbl. 1925/550. Atoeran djalannja B. B. 11229.

Jang diwadjibkan membajar jaïtoe ambtenaar vaste dienst dan kalau boeat ambtenaar Bp. jang bergadji f 50 keatas.

Berhoeboeng dengan itoe goeroe bantoe benoeman baroe dengan W. D. tidak kena Contributie.

***

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

## ANGLEBOER PADAGANGAN LARÉ ÈSTRI.

Padagangan laré èstri ! . . . . . . Wanodya kasamèkaken radjakaja, inggih wonten salebeting vrouwenhandel. Wanita kaanggé njangnjangan, kasadé mrika-mriki dateng nagari mantja, poenika lagéjanipoen blantik tijang èstri. Manawi anggènipoen nglaloe wonten djoerang palanjahan saking pikadjengipoen pijambak, keprijé menèh! Wangsoel wanita ingkang kadagang, itjaling kasoesilanipoen dapoer kapeksa. Djer anggènipoen ngantos dados dagangan margi klebet ing loropanipoen blantik laré èstri. Dados, saking boten ngertosipoen!

Laré èstri dados dagangan poenika boten namoeng wonten ing djaman samangké. Djaman roemijin inggih sampoen wonten. Ingkang tjantjoet roemijin pijambak nedya ngleboer padagangan wanita waoe, pradja Baritanijah.

Kala taoen 1879, toewan Dyer sampoen alok katahipoen nonahnonah bangsa Inggris ingkang kadagang dateng grija palanjahan ing nagari Belgi toewin Parangakik. Margi alokipoen toewan Dyer waoe, nagari Inggris gondjing. Langkoeng-langkoeng toewan Stead, B. Scott lan Lord Dalhousie sami mangsah joeda. Roemeksanipoen parlement dateng laré-laré èstri sami kasoewoen soepados langkoeng saé.

Katjarijos kala 21, 22, lan 23 Djoeni 1899, pakempalan *National Vigilance Association and Central-Vigilance Society* ngawontenaken konggrès internationaal wonten ing London, dipoenpangarsani Hertog ing Westminster. Konggrès waoe angrembag prakawis vrouwenhandel, dipoendatengi wakil - wakil saking nagari Inggris, Oostenrijk, Belgi, Denemarken, Frankrijk, Duitschland, Nederland, Rusland, Zweden, Zwitserland toewin Amerika Sarikat. Konggrès poenika kaladjengaken wonten ing Amsterdam kala taoen 1902.

Rembag - rembag ing konggrès kalih - kalihipoen, mratjihnani saja ndadosipoen padagangan laré èstri. Genua katjarijosaken dados palaboehanipoen radja-kaja-wanodya ing Itali. Saking ngrikoe saben taoenipoen wonten laré èstri ± 1.200 wedalan Polen, Oostenrijk, lan Djerman sami kabekta baita dateng Amerika Kidoel. Manoet tjatetanipoen *Filadelphia-Times* kala t. 1885, ing Amerika Lèr wonten wanita dagangan waoe ± 80.000. Itali pijambak inggih angintoenaken pamedal nonah manis bangsa Itali kakintoenaken dateng Afrika, ndjoedjoegipoen wonten Tunis, Alexandrie lan Port Said.

***

Menggah tjara pamikating laré èstri waoe, ingkang katah - katah dipoeniming-imingi pandamelan warni - warni. Pamoeloetipoen sarana arta, kaseneng-senengaken, kaplesiraken, katoembasaken panganggé lss.

Ing serat - serat kabar Walandi, kerep kémawon wonten wara-wara. „ . . . . ngGolèk baboe sing oemoer seméné, tjalon kabajar pantes . . ' . Lamaran soepaja katibakna kantorané lajang kabar iki, tjinirèn nomer iki!" Wara - wara makaten poenika dèrèng mesti mengkoe pikadjeng pasadja. Toemrap tanah Éropah kerep kémawon dados topèngipoen blantik tijang èstri. Manawi kelampah wonten ingkang nglamar, sadoemoeginipoen ngrikoe tinampi saé - saé, rinengkoeh kados sadèrèk pijambak, ingesokan katresnan. Katresnan lamis waoe mesti kémawon ngitjalaken wéwéka toewin ngagengaken sih lan pitadosipoen baboe. Let sawatawis dinten, . . . . bendara tjrijos kapindah dateng kita anoe. Poen baboe kapoerih toemoet. Saking kandeling pitados lan pasoewitanipoen, baboe waoe kintil. Babar pisan boten njana - njana jèn bendaranipoen badé nggloendoengaken badanipoen dateng djoerang kasangsaran! Doemoegining poeroeg, baboe katampèkaken agèn vrouwenhandel. Wasana, poen baboe nemahi sangsara dados dagangan, . . . . bendaranipoen tampi arta atoesan éwon roepijah . . . .

Tjara ing nginggil poenika dèrèng sapintena. Wonten malih akalipoen blantik laré èstri ingkang langkoeng samoen, langkoeng djoelig prasasat iblis. Inggih poenika sarana *kaidjab*. Wonten ngriki idjab kalijan nonah Anoe, ladjeng kabekta dateng nagari sanès. Let sawatawis woelan njrijosi rabininipoen: „Akoe dipindah njang nagara kana!" Doemoegi ngrika, bodjonipoen kasadé. Pijambakipoen rabi malih, ladjeng kabekta késah, . . . . makaten saterоesipoen. Mangga, poenapa boten djoelig poenika!

***

Kados poenapa kémawon awonipoen vrouwenhandel, boten preloe katjarijosaken.

Volkenbond inggih toemoet² angrembag leboering padagangan laré èstri. Mandar manoet tilgram Aneta saking Geneve tanggal 15 Mei poenika, raad Volkenbond amoetoes komisi ingkang tinanggenah matitisaken vrouwenhandel ing tanah Wétan badé andatengi sadaja tanah. Ingkang njanggi waragadipoen Biro Kasarasan ing Amerika (Het Amerikaansche Bureau voor Sociale Hygiene). Ingkang wonten ing komisi tjalonipoen sardjana tetiga pilihanipoen warga Persi, Inggris lan Djepang ing raad Volkenbond. Déné wiwitipoen pangkat béndjing September ngadjeng poenika.

Pakempalan - pakempalan wanita ing Éropah mesti kémawon inggih boten sami kèndel kémawon. Kadosta „Union Internationale der Ligues Fémines Catholiques" (Poesaraning pakempalan wanita Katholiek ing saindenging djagad), ingkang kala Djanoewari 1928 moesarani pakempalan 54 saking 26 tanah lan warganipoen langkoeng saking 20.000.000. Wiwit madeg mila (1910) Union Internationale sampoen nandangi amrih itjaling vrouwenhandel.

***

Kados ingkang kawartosaken ing Sw. Tm. no. 16, bangsa kita golongan wanita inggih wonten ingkang dipoendagang. Saking tjakoeting tandangipoen P. P. I. I. ing Ngajogjakarta wonten *Comite Pembrantasan Pendjoealan Anak-anak*. Warganipoen pakempalan - pakempalan ing kita ngrikoe, kalebet oegi P. P. K. D., K. W., lss.

Tandangipoen golongan wanita ingkang makaten waoe, pantes sanget ingalembana, lan *paling penting* binijantoe.

Kita ingkang tansah winarah bilih roeharaning djagad pasrawoengan kabekta saking hantjoering kasoesilan, (zie. Nawala dalem Benedictus XV „Ad Beatisimi", Nawala dalem Pius XI „Ubi Arcano") sampoen mesti kémawon badé amingkis lengen ambijantoe sedyanipoen C. P. P. A.

Pakempalan Pasoendan ingkang wiwit taoen '28 katawis anggènipoen merangi risaking kasoesilan, mesti inggih poeroen angijati sedyanipoen C.P.P.A. Semanten oegi pakempalan-pakempalan sanès kadosdéné Mohamad Dijah, lss. . . Nagari ingkang sampoen gadah biro vrouwenhandel, ingkang wonten Betawi sampoen ngawontenaken poelisi - kasoesilan, mesti inggih boten wegah paring igoeh pratikel.

Nanging, . . . . poenapa paédahipoen manawi pangèsti oetama waoe namoeng winengkoe wonten salebeting *Comité?* Djer, basa Comité oet. panitya makaten lèrèging soeraos namoeng kanggé sawatawis wekdal.

Mila, manawi satrijaning Indonésijah pantjèn badé nemeni sirnaning vrouwenhandel kedah ingkang temenanan! Sampoen tanggel-tanggel! Comité waoe *kedah* kadadosaken *pakempalan*. Gagajoehaning pakempalan kedah karowakaken. Artosipoen boten namoeng ngèngingi vrouwenhandel; kedah njakoep sadaja laladan kasoesilaning djaloe wanita. Mangga, sapinten kémawon tjatjahing *kondé litjin* bangsa kita? Sapinten kémawon katahing grija pasoendelan ing tanah ngriki? Kawontenan makaten poenika, tétéla sanget kedah kaprihatosaken. Kedah tinandangan, amrih itjal, apesipoen soeda katah.

Kadjawi pakempalan politiek, bangsa kita pantjèn ambetahaken wontening pakempalan sociaal. Pakempalan politiek toemandang ngoetjoeli tatangsoel ingkang ningseti tanah kita. Pakempalan sociaal ingkang njaèkaken sarira pribadi, sarana damel sekolahan-sakolahan, anggoela-wentah economie, noeloengi tijang woeta, bisoe, miskin lss. . . Dados *andoem damel!*

Mangga C. P. P. A. waoe sami kadadosaken pakempalan!

Pahlawan Indonesia, . , tata baris!

Kumuningsaselé 17 Mei '30.

Taklim: *Patjar Mérah.*

**CORRESPONDENTIE.**

Sad. F. J. S. ing Bandjar teroes kakintoenaken.
Sad. S. K. D. ing W. prajogi; sampoen kita tjatet.
Sad. P. T. T. minggoe ngadjeng.
Sad. S. Sdh. sanèsipoen boten saged kapatjak, awit sampoen ragi kasèp, boten actief malih.
Sad. A. Dj. Adi. manawi njerat sampoen wolak-walik; makaten poenika sampoen kerep kita oendang-oendangaken, boten kanggé. Kawoeningana sapisan malih.
Para ingkang maringi soembangan karangan kersaa njrantosaken sawatawis.

